



Ki sa “Òdonans medikal pou tretman ki rann lavi posib (Medical Orders for Life-Sustaining Treatment)” ye?

Enstriksyon alekri konsènan kèk tretman medikal ki rann lavi posib ki sot nan men yon doktè, enfimiyè pratisyèn oswa asistan doktè pou kominike enstriksyon sou tretman bay lòt pwofesyonèl swen medikal (pa egzanp, enfimiyè, ekip entèvansyon ijans), dapre preferans malad la. Fòm MOLST la se yon dokiman medikal – menm jan ak yon preskripsyon.



Ki sa “tretman ki rann lavi posib” ye?

Tretman medikal pou eseye kenbe yon moun anvi. Reanimasyon kadyopilmonè (CPR) se yon egzanp. Pwofesyonèl medikal yo gen lobligrasyon pou yo eseye fè CPR lè kè yon malad sispann bat oswa malad la sispann respire, amwenske yo gen yon òdonans medikal (tankou yon fòm MOLST) ki gen lòt enstriksyon.

Ki kalite moun ki ta ka vle ranpli yon fòm MOLST avèk doktè yo?

Moun ki gen nenpòt laj (san wete timoun) ki gen yon maladi grav nan faz avanse, oswa ki gen frajilite medikal, ki vle dokimante desizyon yo konsènan tretman medikal ki rann lavi posib.

Kiyès ki ranpli fòm MOLST la?

Moun ki gen maladi nan faz avanse a (oswa reprezantan yo nan domèn medikal, si moun nan pa gen kapasite) ansanm ak yon doktè, enfimiyè pratisyèn oswa asistan doktè. Si pa gen yon reprezantan ki nome, yon gadyen oswa paran/gadyen yon minè ka ranpli fòm MOLST la nan limit lalwa Massachusetts pèmèt sa (*chèche konsèy legal si w gen kesyon konsènan otorite yon gadyen genyen*).

Ki lè ki apwopriye pou ranpli fòm MOLST la?

Li ka apwopriye pou fè sa lè:

- Li medikalman apwopriye dapre kondisyon sante moun nan *kounye a, epi*
- Moun nan *vle* itilize fòm MOLST a, *epi*
- Moun nan (epi ideyalman reprezantan ak fanmi moun nan) te diskite sou sa avèk doktè yo konsènan maladi yo genyen an, pwonostik, valè pèsònèl ak objektif nan domèn swen, epi benefis potansyèl ak fado tretman an ka genyen.

Èske yo ka oblije yon moun itilize fòm MOLST la?

Non. Itilizasyon MOLST se yon bagay ki volontè.

Èske yon moun ka chanje lide l konsènan tretman aprè l fin ranpli fòm MOLST la?

Wi. Yo ka mande epi resevwa tretman medikal yo bezwen nenpòt lè, kèlkanswa sa fòm MOLST la di. Yon moun ka anile fòm MOLST la tou epi/oswa mande yon doktè, yon enfimiyè pratisyèn oswa yon asistan doktè pou ranpli yon nouvo fòm ki gen diferan enstriksyon nenpòt lè.

Kiyès ki suiv enstriksyon MOLST yo?

Pwofesyonèl swen medikal ki otorize (enfimyè, ekip entèvasyon ijans, eksetera) respekte òdonans medikal ki valab, san wete MOLST.

Èske MOLST se menm bagay ak "pwokirasyon swen medikal"?

Non. Yon fòm *pwokirasyon swen medikal* se yon fòm legal yo itilize pou nonmen reprezantan nan domèn swen medikal pou yon moun – reprezantan sa a se sèl moun ki legalman otorize pou pran desizyon medikal pou yo alavni si moun sa a paka pran desizyon medikal pou tèt li (pa egzanp si moun nan pa gen konesans, li nan koma, li gen demans oswa lòt limit nan domèn mantal). *Chak* adilt ki gen 18 an oswa plis nan Massachusetts ta dwe ranpli epi siyen yon fòm *pwokirasyon swen medikal*.

Si yon moun te ekri "dènve volonte" li oswa yon "testaman byolojik," èske sa pa sifi?

Fòm sa yo se fòm yon moun ka itilize kòm prèv volonte yon moun, men yo pa otorize dapre lalwa nan Massachusetts. Yo pa gen menm otorite ak yon *òdonans medikal* tankou MOLST. Founisè swen medikal nan tout kad dwe respekte òdonans medikal ki valab yo.

Si yon moun te deja genyen yon òdonans "Pinga Reyanime" (DNR), èske moun sa a ka toujou itilize fòm MOLST la?

Wi. Fòm MOLST la genyen ladan l enstriksyon konsènan reanimasyon ak lòt tretman ki rann lavi posib. Epi, kontrèman ak yon òdonans DNR, ou ka itilize fòm MOLST la pou refize OSWA *mande* tretman.

Kiyès ki kenbe fòm MOLST ki siyen an?

Se moun nan ki kenbe fòm MOLST la avèk li nan yon kote ki fasil pou l jwenn (sou pòt frijidè a, bò kabann nan, oswa sou pòt la), epi li mache avèk li lè l fè deplasman. Kopi yo valab tou epi moun nan ka bay reprezantan li epi/oswa manm fanmi l kopi fòm nan.

Èske yo respekte fòm MOLST la andeyò Massachusetts?

Kèk eta ka respekte men kèk lòt ka pa respekte l. Sepandan, yon fòm MOLST se toujou yon bon dosye ki gen preferans tretman yon moun.